# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–27 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द मोदी आजु भिन्नही ग्यारह बजे **मन की बात** कार्यक्रम में आपन विचार सांझा कइलें। उहां के डीजिटल अरेस्ट के बारे में चिन्ता जतावत कहलें कि कानूनन केहू के डीजिटली अरेस्ट नाही कइल जा सकेला, एकरे नाम पर धोखाधड़ी के रोके बदे सज्जो जांच एजेंसी मिल के काम कइ रहल हइन। प्रधानमंत्री एगो पीड़ित अउर जालसाज के बातोचीत सुनइलें अउर अपील कइलें कि अइसन फरजी काल से मत डेराएं। उहां के डीजिटल सुरक्षा बदे तीन उपाय रुकों, सोचो अउर एक्सन लो के बारे में चरचा कइलीं।

प्रधानमंत्री श्रोता लोगिन से नवाचार अउर आत्म निर्भर भारत संबंधित उदाहरण सोसल मीडिया पर सांझा कइलें क अउर तिउहार में खरीददारी के बखत वोकल फॉर लोकल के मंत्र के धियान में रखे के अपील कइलीं। प्रधानमंत्री कहलीं कि येह बरिस दुई महान नायकन क 150वीं जयंती हौ। सरदार पटेल क जयंती 31 अक्टूबर के जबकि भगवान बिरसा मुंडा क 150वीं जयंती पनरह नवंबर के मनावल जाई।

श्री मोदी कहलें कि 31 अक्टूबर के देवाली तिउहार के नाते पटेल जयंती पर होने वाला रन फॉर यूनिटि ओनसीत अक्टूबर के आयोजित होई। उहां के लोगिन से अधिक से अधिक संख्या में येह में भाग लेवे के अपील कइलीं। श्री मोदी मन की बात कार्यक्रम में धनतेरस, देवाली, छठ पूजा अउर गुरूनानक जयंती क सुभकामना दिहलें।

**********

बनारस, प्रयागराज, अउर गोरखपुर समेत कई जिला में लोगि प्रधानमंत्री के **मन की बात** कार्यक्रम के सुनलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने सोसल मीडिया अकाउंट के जरिए प्रतिक्रिया देत कहलीं कि सरदार पटेल अउर भगवान बिरसा मुंडा के 150वीं जयंती राष्ट्रीय स्तर पर मनउलें क घोसणा **एक भारत श्रेष्ठ भारत** के संकल्पना के अउर मजबूती देवे वाला आ अनेकता में एकता अउर विरासत से विकास के जन उत्सव में सहभागी बनावे वाला हौ।

**********

भारत अंतरिक्ष में बरिस दुई हजार पैंतीस ले आपन अंतरिक्ष केन्द्र बनाई। येह के भारतीय अंतरिक्ष स्टेसन के नाम से जानल जाई। केन्द्रीय विज्ञान अउर प्रौद्योगिकी राज्य मंत्री डाक्टर जीतेन्द्र सिंह काल्हि नई दिल्ली में इसरो अउर जैव प्रौद्योगिकी विभाग के बिच्चे एको सहमति पत्र पर हस्ताक्षर के दौरान ई जनकारी दिहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यानाथ आजु बनारस के सम्पूर्णानंद संस्कृत विस्वविद्यालय से संस्कृत छात्रवृत्ति योजना क सुरूआत कइलें। एकरे तहत प्रदेस के 69 हजार 125 छात्रन के 5 सौ 86 लाख रूपिया वितरित कइल जा रहल हौ। मुख्यमंत्री कई विद्यार्थियन के छात्रवृत्ति क प्रतिकात्मक चेक दिहलें। येह मौका पर उहां के घोसणा कइलीं कि जे लोग संस्कृत में विशिष्ट सोध क थिसिस लिखिहें अउर बढ़िया काम करिहं ओ सज्जों आचार्य अउर छात्र लोगिन के स्कालरसिप देवे क घोसणा करे क योजना हौ। उहां के कहलीं कि अब संस्कृत विद्यालयन में ओही संस्थान के मदद दिहल जाई जे फ्री हॉस्टल अउर भोजन क सुविधा छात्र क दिहें। उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री के अगुवाई में संस्कृत, संस्कृति अउर भारतीय सभ्यता एगो नई उचाई पर पहुंच रहल हौ।

**********

अयोध्या में भव्य दीपोत्सव बिहने से सुरू होई। एकरे बदे सजावट अउर रंग–रोगन के सथहीं राम के पैड़ी पर स्वंय सेवकन द्वारा अलग–अलग आकृति में दीया बिछवले क काम सुरू हो गइल हौ। श्री रामलला के प्राण प्रतिष्ठा के बाद पहिला दीपोत्सव में करीब पचीस लाख दीया जलावे के लक्ष्य हौ। एकरे बदे अट्ठाइस लाख दीया बिछावल जाई।

**********

मऊ जिला के राजकीय सम्प्रेक्षण गृह–किसोर से काल्हि संझा फरार भइल आठ लइकन में से छह लइकन के बरामद कइ लिहल गइल हौ। उहां के नगर मजिस्ट्रेट बतउलें कि ई लइके रसोई के राही से फरार भइल रहलें।

**********

प्रदेस में आजु अलग–अलग सड़क हादसा में चारि लोगिन क मउति हो गइल जबकि एक दरजन से बेसी लोग घाही हो गइलें। फर्रूखाबाद जिला में थाना राजेपुर के ईटावा–बरेली नेसनल हाईवे के जमापुर मोड़ के लग्गे एगो पीकप में ट्रक के पीछे से टक्कर मरले से पीकप चालक समेत दुई लोगिन के मउति हो गइल जबकि पनरह लोगि घाही हो गइलें। ओहीं कानपुर जिला के विधनू थानाक्षेत्र के माधवबाग रमइपुर के लग्गे एगो ट्रेलर के टक्कर से बाइक सवार दुई नौयुवकन क मउति हो गइल।

**********